

Chè Paran/ Reskonsab Legal:

Maine akeyi tout fanmi ke se swa orijin kiltirèl ou ke se swa lang matènèl ou. Lè ou pale plis pase yon sèl lang sa gen anpil valè, epi nou ankouraje fanmi yo kenbe lang matènèl yo pandan y ap aprann angle. Elèv ki pale oswa konprann yon lòt lang ka benefisyè sipò pou amelyore angle yo pou yo kapab satisfè estanda akademik ~~diffisil~~ Maine yo. Kesyon sa yo, ki nesèsè pou tout elèv ki soti nan klas matènèl rive nan 12yèm ane, ap ede lekòl ou a detèmine si pitit ou a ka benefisyè sèvis sipò nan lang angle a.

- Si ou endike yon lang ki pa angle, y ap bay pitit ou yon tès an angle.
- Selon nòt pitit ou a, pitit ou a kapab klase kòm yon elèv k ap aprann angle epi l ap kalifye pou jwenn sipò ak lang angle a.
- Si ou ta renmen resevwa lèt sa a ak sondaj ki anba a nan yon lòt lang, oswa si ou ta renmen gen yon entèprèt, lekòl ou a ka regle sa pou ou.
- Si ou gen kesyon sou sondaj sa a, tanpri kontakte direktè lekòl ou.

N ap rasire ou nou pral pwal itilize respons ou yo sèlman pou sa ki konsène lekòl la. Nou pral konsève sondaj ou ranpli a nan dosye pèmanan pitit ou an, epi se sèlman pèsònèl lekòl la k ap gen aksè ladan l. Pa gen okenn lòt anplwaye lekòl la ki gen dwa mande enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon nenpòt moun nan fanmi ou.

Mèsi poutèt ou bay enfòmasyon sa yo, epi mwen swete elèv ou a anpil siksè nan lekòl li.

Sensèman,
April Perkins
Direktris Pwogram ESOL ak Bileng, Depatman Edikasyon Maine

SONDAJ KONSÈNAN LANG ELÈV YO PALE

Non Elèv la: _____

Dat Nesans li: _____

Lekòl la: _____

Klas li Sipoze Ale: _____

Tanpri reponn tout kesyon yo.

- Ki lang ki te **premye** lang pitit ou te pale oswa konprann?
- Ki lang ki **pi fasil** pou pitit ou pale oswa konprann?
- Ki lang moun itilize chak jou pou pale ak pitit ou?

Siyati Paran/Reskonsab Legal: _____

Dat la: _____

Seksyon sa a se pou Lekòl la Itilize Sèlman

Idantifikasyon Apre Enskripsyon: Si yon paran / responsab legal pa endike okenn lòt lang apa angle sou sondaj sa a, y ap bezwen fè yon evalyasyon an angle **sèlman** si se yon pwofesè ki ranpli seksyon sa a

Dekri prèv ke devlopman langaj anglè elèv la afekte akòz lang natif natal elèv la pale lakay li pa anglè

Siyati Pwofesè a: _____

Dat : _____

METE DOKIMAN ORIJINAL SA A RANPLI NAN DOSYE PÈMANAN ELÈV LA.
PERMANENT RECORD FOLDER